*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№169 (26621)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 16 сентябрь – рухæны мæйы 16 бон, æртыццæг

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
https://max.ru/id1504031916_gos

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ПРОФЕССИОН БÆРÆГБОН
Санитарон-эпидемиологон фæрныгад

3 ФЫССЫНЦ "РÆСТДЗИНАД"-МÆ
Тематикон фарс

4 РОХÆН ÆВГЪАУ НÆМТТÆ
Цецилия – курдиат æмæ музæ



## Паддзахадон æххуыс



**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барисы разамындæй уыд æмбырд. Ныхас цыдис, Уæрæсейы Федерацийы Федералон Æмбырды Советы уынаффæ ”РЦИ-Аанийы социалон-экономикон рæзты паддзахадон æххуыс”-ы тыххæй фарста нæ республикæйы æххæстгонд куыд цæуы, уый фæдыл.**

Документ райстой 2024 азы октябры, республикæйы бонтæ Уæлдæр палатæйы куы цыдысты, уæд, уыцы мадзалы кæронбæттæн хатдзæгтæм гæсгæ. Æмбырды, видеоконференцийы бастдзинады фæрцы архайдтой Федерацийы Советы Цæгат Ирыстоны сенатор **Виталий Назаренко**, РЦИ-Аланийы Парламенты депутаттæ, нæ республикæйы министртæ æмæ профилон ведомствæты разамонджытæ.

Архайджытæ æркастысты, нæ республикæйы социалон-экономикон рæзты нысантæ куыд æххæстгонд цæудзысты дарддæр, уыцы фарстамæ. Ныхас цæуы, æнæниздзинад, социалон къабаз, културæ, ахуырад æмæ спорты уавæр фæхуыздæр кæнын æмæ ног инфраструктурæ саразыныл. Документы ис 35 нысаны, сæ фылдæр абоны онг лыггонд æрцыдысты. Ныр та куыстытæ цæуынц Æрхонкæ, Хохы Саниба æмæ Хъæрмæдоны иувæрсты цæуæг фæндаджы арæзтад, Джызæл-Хъæрмæдон-Дæргъæвс-Дзуарыхъæуы фæндаджы реконструкцийыл. Уымæй уæлдай, Беслæны райдыдта Сывæллæтты аивадон скъолайы арæзтад, цæугæдон Фыййагдоны былтæ фидар кæныны куыстытæ, рацарæзт цæуы Æрæфы районы доны системæйыл, æххæстгонд цæуынц проекттæ туризмы къабазы. Æхцайы радон æххуыс дарддæр лæвæрд цæудзæн коммуналон æмæ фæндаггон инфраструктурæ, културæ æмæ æнæниздзинады объекттæн.

– Федерацийы Советы Уынаффæйы нысантæ æххæст кæныны хъуыддаг нæ республикæйæн вазыгджын хæс у. Уыдон бæлвырд комплексон мадзæлттæ сты социалон-экономикон фарстатæ æххæст кæнынæн. Нæ хæс у, РЦИ-Аланийы Сæргълæуууæг **Сергей Меняйлойы** амынд нысанты бындурыл, федералон центры гæнæнтæй спайда кæнгæйæ, æппæт фарстатæ дæр афоныл сæххæст кæнын, – загъта Дзанайты Барис.

РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар профилон æмæ хицауиуæггæнæг оргæнты разамонджытæн бафæдзæхста сæ куысты бæрæггæнæнты тыххæй æмæ сæвзæрæг фарстаты фæдыл хъусынгæнинæгтæ йæм æрвитын. Дзанайы-фырт ма фæнысан кодта, паддзахадон æххуыс æххæст кæныны архайды, Федерацийы Советы æмæ нæ республикæйы минæвæрттимæ лæмбынæг æмархайд, æнæмæнг хъуыддаг кæй у, уый.

**САУТÆТЫ Тамилæ**



## Дæргъвæтин сæрæн цард



**Республикæ дарддæр æххæст кæны дæргъвæтин сæрæн царды программæ. Фæстаг æртæ азы дæргъы программæйы бацархайдтой 25 мин адæймаджы.**

Хистæр фæлтæры уавæр цæстыты цур куыд ивы, уый бафиппайæн уыд зæрæдты хæдзары минæвар **Евгений Александровы** цардæй. Ацы ранмæ куы æрбацыд, уæд химидæг загъта, мæнæ мæ æнус сабыргай фæцæрон, зæгъгæ. Кусæндоны цы фæтк æвæрд уыд, уый йæхимæ хæстæг уайтагъд нæ райста. Фæлæ йæ зæрæдты хæдзар «Узæлд»-ы специалисттæ фæхуыдтой зарæггæнджыты къордмæ, æмæ ацы хъуыддагыл уайтагъд фæцалх.

Евгений Александров куыд зæгъы, афтæмæй «Узæлд»-мæ цыд иунæг хъуыдыимæ, ома, мæм разæй хорзæй ницы æнхъæлмæ кæсы. «Хоры азарыны курдиатимæ мæм куы фæдзырдтой, уæд сын загътон, мæ кары ма цæвæр зард уыдзæн. Фæлæ мын мæ зондахаст аивтой кусджытæ. Уый фæстæ та мæм фæдзырдтой чиныгуарзджытæ, ахъуыды кодтон æмæ сразы дæн. Рагæй дæр уарзтон æмдзæвгæтæ, мæхæдæг дæр фыстон. Ныр ацы ран цæргæйæ, æмдзæвгæты авд æмбырдгонды рауагътон. Чиныгуарзджыты клуб фаронæй хæссы мæ ном, уæд мыл сæххæст 80 азы. Мæ 81 азыл æмбæлын бирæ æмбæлттæ æмæ хъуыддæгтимæ. Уарзын нывтæ кæнын, балцы цæуын, «Узæлд» ахæм балцытæ аразы. Мæ цард цæхгæр фæивта», – зæгъы зæрæдты хæдзар «Узæлд»-ы уæнг.

Ныр йæхæдæг дæр ног æрбацæуджытæн æххуыс кæны, цæмæй рæвдздæр æрбынæттон уой, йе сфæлдыстадон куыстыты ‘хсæн ис «Социалон кусæджы гимн» дæр. Уым бузныг зæгъы, йæ тых, йæ хъару кæй фæрцы нæ фæцудыдта, уыдонæн. Зæрæдты хæдзары æппæт фадæттæ дæр ис, цæмæй алы адæймаг дæр удæнцойæ цæра. Зæгъæм, æвзæр чи уыны, уыдонæн кусы «Зондджын хæдзар», уæдæ деменци бауромыны мадзæлттæ дæр ахъаз кæнынц цæрджытæн, театртæ æмæ сæ музейтæм аласынц.

Сæрæнæй бирæ фæцæрыны программæ конд æрцыд национ проект «Бинонтæ»-йы фæлгæты. Уым стыр æргом здæхт цæуы хистæр фæлтæрмæ, фадæттæ кæнынц сæ дæргъвæтин сæрæн цардæн. Программæмæ æрбаиу уæвæн ис, цæрæн бынатмæ хæстæг социалон лæггæдты центры руаджы.

**Фæллой æмæ социалон рæзты министрады пресс-службæ**



## Зынгсирвæзт не ‘руадзыны нысантæ

**Цæгат Ирыстон йæхи дарддæр цæттæ кæны æвзарæн кампанимæ. Уæрæсейы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады регионалон сæйраг управленийы кусджытæ æппынæдзух æвзарæн хæйттæм видеоцæстдарды руаджы сæ хъус дарынц.**




Ацы ведомствæ егъау хъуыддæгтæ сарæзта, цæмæй æвзæрстыты рæстæг æвзарæн хæйттæ зынгсирвæзты цаутæй хызт уой. Зынгсирвæзты ныхмæ паддзахадон цæстдарды оргæнтæ рагацау æвзарæн бынæтты скодтой зынгсирвæзт не ‘руадзыны мадзæлттæ. Уæлдай æргом аздæхтой æвзæрстытæн бæрнон уæвæг адæмы сахуыр кæнынмæ, уыдонимæ сты объектты разамонджытæ, æппæт персонал.



Зынгсирвæзты ныхмæ кусджытæ бацамыдтой, цавæрдæр æнæнхъæлæджы цауты рæстæг хи куыд дарын хъæуы, зæгъæм, зынгсирвæзт æрцыд, уæд кæцæй æмæ цæмæй хъуамæ райдайой сæ бавнæлд. Цы фæрæзты хицæуттæ сты, ома, зынгсирвæзт ахуыссын кæныны фадæттæй куыд спайда кæндзысты. Æвзæрстытæ цы объектты уыдзысты, уым скодтой зынгсирвæзтытактикон ахуыртæ. Уымæй уæлдай, бæстыхæйтты æдде цы доны бæрцуæттæ ис, уыдоны уавæр дæр сбæрæг кодтой.

Хъæлæс кæныны бонты æппæт æвзарæн хæйтты дæр рады уыдзысты зынгсирвæзты ныхмæ службæты уæнгтæ. Куыддæр сæ радмæ бахизой, афтæ уал сбæрæг кæндзысты бæстыхæйтты уавæр, эвакуацийы фæндæгтæ, зынгсирвæзты ныхмæ фæрæзтæ, фыццаградон фæрæзтæ. Уæрæсейы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады регионалон сæйраг управленийы разамонæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Сергей Веретенников** куыд зæгъы, афтæмæй æвзарджыты æдасдзинад у æппæты ахсджиагдæр хъуыддаг.

«Мах рагацау стыр куыст бакодтам, æппæт вазыгджын фарстатæ равзæрстам. Хъæлæс кæныны бонты æвзарæн хæйтты рады уыдзысты нæ службæйы уæнгтæ, æмбæлгæ фæрæзтæ. Æмхуызонæй кусдзыстæм сæрмагонд фæткы. Æвзарæн къамисты уæнгтимæ, администрацитимæ иумæ архайдзыстæм æвзæрстытæ æдасæй скæныныл», – фæбæрæг кодта Сергей Веретенников.

Уæрæсейы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады регионалон сæйраг управленийы кусджытæ æвзæрстыты рæстæгмæ æппæт æмбæлгæ мадзæлттæ аразынц, зынгсирвæзт не ‘руадзыны хъуыддæгтæ кæнынц.

**Уæрæсейы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады регионалон сæйраг управленийы пресс-службæ**

### Дзырды фарн

*Хурæн армæй нæй бамбæрзæн, рæстдзинадæн – мæнг ныхасæй.*

*ÆМБИСОНД*

Ахуырад

# Фембæлд студенттимæ

**Цæгат Ирыстоны, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты разамындæн уыд фембæлд фыццæгæм курсы студенттимæ. Университеты къæсæрæй фыццаг хатт чи бахызт, уыцы фæсивæд базыдтой студенты царды тыххæй, ахуыры рæстæг сæ дарддæры рæзты гæнæнты фæдыл бæлвырд хабæрттæ.**



Мадзал байгом кодта ректор **Огъуаты Алан.** Уый зæрдиаг арфæтæ ракодта фыццагкурсонтæн æмæ загъта, университет цæттæ кæй у студенттæ цы хъæппæристæ 'вдисой, уыдонæн царды рауадзынæн баххуыс кæнынмæ, сæ профессионалон рæзтæн сын æмбæлгæ уавæртæ аразынмæ. Уыимæ, ацы ран сæйраг ахадындзинад ис студенттæн сæхи фæндæттæн.

«Университеты арæзт æрцыдысты æппæт фадæттæ æмæ уавæртæ дæр, цæмæй студенттæ сæхи ссарой сæ равзæрст дæсныйæдты. Ректораты командæ æмæ декантæ уын æххуыс кæндзысты. Фæлæ дуры бынмæ дон нæ хъары, уымæ гæсгæ, уæхицæй бирæ аразгæ уыдзæн. Нæ зæрдæ дарæм, уемæ университеты цард хуыздæрæрдæм кæй ивдзæн, ууыл. Уæ фиппаинæгтæ æмæ фæндтæ хъуамæ наукон æмæ ахуырадон архайды ирдæй зыной, махæн та нæ хæс у сымахæн æххуыс кæнын, ног гæнæнтæ уын уæ размæ хæссын», – загъта ректор.



Сæ куысты фæдыл фыццагкурсонтæн радзырдтой профилон проректортæ. Студенттæ базонгæ сты ахуырадон æмæ наукон гæнæнтимæ, олимпиадæтæ, конкурстæ æмæ грантон æххуысты тыххæй программæтимæ.

Хицæн цæстдард цыдис социалон æххуыс, фæсивæдон политикæйы, æмдзæрæнмæ бацæуыны æмæ сæйраг фæткæвæрды фарстатæм. Сæ куысты тыххæй ма радзырдтой студентты Профцæдисты организациты минæвæрттæ дæр. Фембæлд фæцис, РЦИ-Аланийы Æвзарæн къамисы кусæг **Цалиты Еленæйы** раныхасæй. Уый фыццагкурсонтæн радзырдта, æвзæрстытæм фыццаг хатт чи æрбацæудзæн, уыцы фæсивæдмæ разæй цы æнхъæлмæ кæсы, уый тыххæй бæлвырд хабæрттæ.

**ЦИПУ-йы пресс-службæ**

Барад

# Фæллойадон барад æххæстгонд æрцыд

**Дзæуджыхъæуы Терчыфалейы районы прокуратурæ юридикон адæймаджы кусæгы хъастмæ гæсгæ сбæрæг кодта фæллойадон закъонæвæрынад куыд æххæст цæуы,уый.**

**Куыд рабæрæг,афтæмæй фæллойадон закъонæвæрынад не ххæстгæнгæйæ кусæгæн йæ курдиат бадæттыны фæстæ æртæ боны дæргъы нæ раттой йæ документтæ организацийы фæллойадон архайды тыххæй.**

**Сбæрæггонд æгъдаухæлдтыты тыххæй районы прокуратурæ разамонæгæн рахаста йæ рæдыдтæ бацамоныны уынаффæ.**

**Прокуратурæйы архайды акты бæрæггæнæнтæм æркæсгæйæ сæргомгонд æгъдаухæлдтытæ иуварсгонд æрцыдысты,кусæгæн йæ фæллойадон архайды тыххæй документтæ радтой,курдиат бадæттæджы бартæ æххæстгонд æрцыдысты.**




**Уымæй уæлдай,разамонæг æфхæрд æрцыд администрадон бæрнондзинады хуызы УФ КоАП-ы 5.27 статьяйы 1хаймæ гæсгæ (фæллойадон закъонæвæрынады æмæ фæллойадон нормæтæ цы æндæр нормативон актты ис,уыдоны фехæлд) ивары хуызы йын 40 мин сомы бафидынгæнгæйæ.**

**Граждæнты фæллойадон бартæ хъахъхъæныны куыст иудадзыг ис прокуратурæйы контролы.**

*РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ*

Социалон фондæй

# Ныййарæджы капиталы ног æххуыс

**Уæрæсейы Федерацийы Социалон фæдзæхстад æмæ пенсион фонды Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы хайад афæдзы райдайæнæй фæстæмæ ныййарджыты капиталæн радих кодта 3 мин сертификатæй фылдæр.**

Ныййарæджы капиталмæ сертификат лæвæрд цæуы ныййарджыты курдиат нæ бадæтгæйæ. Сывæллоны райгуырд регистрацигонд куы 'рцæуы, уæд ЗАГС-ы оргæнтæ электрон хуызы фехъусын кæнынц Уæрæсейы Социалон фондмæ. Уыцы бæрæггæнæнтæм гæсгæ хайады специалисттæ бацæттæ кæнынц сертификат, йæ раттыны тыххæй та фехъусын кæнынц мадæн паддзахадон лæггæдты порталы фæрцы йæ кабинетмæ.

«Проактивон фæтк æххуыс у бинонтæн æнæ уæлдай ракæ-бакæйæ сертификат райсынæн. Электрон сертификаты ис гæххæттыл фыст документы хуызæн юридикон тых. Куы хъæуа, уæд æй гæххæттыл фыстæй дæр райсæн ис Уæрæсейы Социалон фонды республикон хайады.

Ныййарæджы капиталы сертификат проактивон хуызы цæттæ кæнын бинонтæн фадат дæтты паддзахадон æххуыс бынтон æнцонæй райсынæн.




Ныййарджыты нæ хъæуы сæхи курдиат фыссын, уымæн æмæ сывæллоны райгуырды регистрацийы фæстæ сертификат цæттæгонд æрцæуы йæ уæлвæд. Фæрæзты бæрц, куыд æмæ сæ цæуыл ис хардзгæнæн, уыцы хъусынгæнинаг та æрвыст æрцæуы паддзахадон лæггæдты порталы ныййарæджы хи кабинетмæ», – фæнысан кодта Уæрæсейы Социалон фонды РЦИ-Аланийы хайады разамонæг **Милдзыхты Аслан.**

Ныййарæджы капиталы фæрæзтæй спайда кæнæн ис цæрыны уавæртæ фæхуыздæр кæнынæн, сывæллæтты ахуырадæн, мады пенси бамбырд кæнынæн, инвалид сывæллæтты æхсæнады социалон адаптаци æмæ интеграцийæн стæй ныллæг исбонад кæмæн ис, ахæм бинонтæн æрылмæйон фиддонтæ райсынæн. Фæрæзтæй пайдагæнæн ис æнæхъæнæй кæнæ хайгай.

2026 азы ныййарæджы капиталы бæрц фыццаг сывæллоны тыххæй у 728921,90 сомы æмæ дыккаг сывæллонæн та 963243,17 сомы (кæнæ уый фæстæйы сывæллæттæн, кæд уыцы бар раздæр нæ райдыдта). Фыццаг сывæллонæн кæд сертификат райстæуыд, уæд дыккаг сывæллоны райгуырдæн уæлæмхасæн фыст цæуы 234 321,27сомы.

Сертификаты æмæ бинонты фæрæзты тыххæй информаци базонæн ис паддзахадон лæггæдты порталы хи кабинеты, Уæрæсейы Социалон фонды РЦИ-Аланийы хайады клиентон службæйы кæнæ МФЦ-йы.

Иугонд контакт-центр: 8 800-100-00-01 (бадзурæн ис лæвар, регионалон бастдзинады куысты фæтк у афтæ: къуырисæр-цыппæрæм 9.00-18.00, майрæмбоны 9.00-16.45 онг.)

**Уæрæсейы Социалон фонды РЦИ-Аланийы хайады пресс-службæ**

Профессион бæрæгбон

# Санитарон–эпидемиологон фæрныгад



**Уæрæсейы паддзахадон санитарон-эпидемиологон службæ бæрæг кæны йæ равзæрды 104 азы. Цæгат Ирыстоны ведомствæйы специалисттæ бирæ азты дæргъы архайынц цæрджыты санитарон-эпидемиологон тæссагдзинадæй бахъахъхъæнынил. Управленийы архайд æххæстгонд цæуы Уæрæсейы Федерацийы Президент æмæ Хицауады бындурон уагæвæрдты фæлгæты.**

Службæйы сæйраг нысан у сывæллæтты санитарон-эпидемиологон фæрныгад. Регионы цы паддзахадон политикæ æххæстгонд цæуы, уый арæзт у сывæллæтты æнæниздзинад, æппæтвæрсыг æмæ æдас фæлладуагъдмæ.

«Роспотребнадзор» ма зæрдиагæй архайы дунеон санитарон-эпидемиологон æдасдзинады æмгуыстады дæр. Уæрæсе цы медицинон æххуысы системæ сарæзта, уымæ гæсгæ æмархайд кæны дунейы 30 бæстæимæ. Æрмæст фæстаг дыууæ азы дæргъы ведомствæйы специалисттæ хъазуатонæй тох кæнынц фадынæг, халер, тæссаг тъæнгты инфекцитæ, маймулиты дзуар, Марбургы тæфсæг, Эболæимæ Африкæйы æмæ нæ сыхаг бæстæты.

«Роспотребнадзор» ма сарæзта иммунологон цæстдарды системæ. Иумæйаг иртасæн куыстытæ уыцы къабазы ныридæгæн цæуынц Белоруссi, Киргизи, Сомих, Серби, Таджикистан æмæ Туркменистанимæ.

«Роспотребнадзор»-ы куысты ахсджиагдæр къабæзтæй иу у – тох фæлхасгæнджыты бартыл. Ведомствæйы специалисттæ сæ цæст дарынц, коммерцион организацитæ закъонады æнæмæнг домæнтæ куыд æххæст кæнынц, лæггæдтæ æмæ хицæн товартæ куыд уæйгонд цæуынц, кæсынц цæрджыты курдиæттæм, дзыллон хабархæссæг фæрæзты руаджы сын хъусын кæнынц фæлхасадон закъонæвæрынады фарстатæ, æмæ сын раттынц, фæлхасгæнджыты бартæ бахъахъхъæныны тыххæй тæрхон цы уынаффæ рахæссы, уый.



Ведомствæ дарддæр дæр уыдзæн цæрджыты санитарон-эпидемиологон фæрныгады æнæмæнг зæрдæдарæн æмæ фæлхасгæнджыты бартыл тохгæнæг куыд регионалон, афтæ дунеон æмвæзады дæр.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

# Нысанмæ куы тырнай...

**Ныртæккæйы цард бирæ æнтыстджын кæстæртæ ис нæ алыварс. Уый у рæстæджы хорздзинад æмæ дуджы амонд.**

Ацы бонты Уæрæсейы фæбæрæг кæнынц санитарон æмæ эпидемиологон службæйы кусджыты профессионалон бон. Службæйыл æххæст кæны 104 азы.

Цæгат Ирыстоны бирæ азты дæргъы разæнгардæй кусынц бирæ дохтыртæ, уыдон тох кæнынц тæссаг, хæцгæ низты ныхмæ, архайынц адæймаджы цард æмæ æнæниздзинад бахъахъхъæнынил.

Уыцы службæйы кусджытæй иу у медицинон наукæты кандидат **Хæбæлаты Надинæ Русланы чызг.** Хæрз чысылæй нырмæ йæ цард баста æрмæстдæр дохтыры куыстимæ. Æрыдоны дыккæгæм астæуккаг скъола æвзист майданимæ каст куы фæци, уæд æрыгон чызг æнæгуырысхойæ бацыд Цæгат Ирыстоны Медицинон академимæ. Медицинон профилактикæйы факультеты студенттæ Надинæйы равзæрстой профцæдисты комитеты сæрдарæй. Ахуырмæ зæрдæргъæвд, кафаг æмæ фæндырдзæгъдаг чызг уыдис сгуыхт ансамбль «Цард»-ы солисткæ. Йæ иттæг хорз ахуыр æмæ æхсæнадон куысты тыххæй йын фыстой паддзахадон стипенди. Академи сырх дипломимæ каст фæци æмæ дарддæр бацыд Бетъырбухы Эпидемиологи æмæ микробиологийы наукон-иртасæн институты аспирантурæмæ дыууæ дæсныйадмæ – «Эпидемиологи» æмæ «Медицинон микробиологи».



Абон Хæбæлаты Надинæ у Æппæтуæрæсеон наукон æмæ практикон эпидемиологон æхсæнады цæгатирыстойнаг хайады сæргълæууæг. У дохтырты аккредитацийы къамисы сæрдар. Разæнгардæй кусы уæлдай тæссагдæр инфекциты хайады Цæгат Ирыстоны «Роспотребнадзор»-ы Гигиенæ æмæ эпидемиологийы центры, Бæстæхъахъхъæнынады министрады паддзахадон санитарон-эпидемиологон цæстдарды центры. Йе 'мкусджытимæ архайы ахæм инфекциты ныхмæ, куыд æрра низ, тæлæу (сибирская язва), йемынæ (чума), боррелиоз, бруцеллез, туляремия, конгойаг тæвдниз, тæфсæг, халер æмæ æндæр хæцгæ низтимæ. Хæбæлаты Надинæйы хъæппæрисæй цард федтой Цæгат Кавказы фыццаг наукон-практикон конференци «Отараевские чтения» æмæ Цæгат Кавказы фыццаг наукон конгресс «Кавказский эпидемиологический щит». Уый банымайæн ис йæ архайды сæйрагдæр æнтыстдзинадыл. Пандеми зæххы къорийыл куы апырх ис, уæд уыдис раззагдæртимæ. Ковид-19 низы ныхмæ тохы тыххæй Надинæйы схорзæхджын кодтой майданæй. Йæ куысты арæхстджын архайды тыххæй йæм ис Паддзахадон Думæйы, Цæгат Ирыстоны «Роспотребнадзор»-ы, Бæстæхъахъхъæнынады æмæ Æфсады министрадты кады гæххæттытæ. Ныртæккæ та кусы медицинон наукæты докторы диссертаци бахъахъхъæнынил. Ахуыр кæнынæй æхсызгондзинад исы, зонындзинæдтæ йæ бирæ хорз хъуыддæгтæм разæнгард кæнынц. Æрыгон адæймагмæ ис хъару, тырныдзинад,ныфс, æмдзу кæны рæстæгимæ, адæмы хсæн цæры кадимæ.

– Дæс æмæ дыууиссæдз азы бæрц Æппæтуæрæсеон наукон-практикон эпидемиологон æхсæнады дæлбар архайы Цæгат Ирыстоны хайад. Уыдон сты эпидемиологтæ, инфекционисттæ, бактериологтæ, вирусологтæ, паразитологтæ, медицинон микробиологтæ, гигиенæйы дохтыртæ æмæ бирæ æндæр структурæты кусджытæ, – тæссаг хæцгæ низтимæ тох кæныны фæлтæрддзинад кæмæ ис, ахæм дохтыртæ. Зæгъын хъæуы уый, æмæ Цæгат Ирыстоны хайады абон ис 450 кусæджы, уыцы нымæц у Уæрæсейы æппæт регионтимæ абаргæйæ фылдæр. Тынг разæнгардæй архайæм студенттимæ æмæ æрыгон дохтыртимæ, уымæн æмæ адæймаджы æнæниздзинад у дунейы ахсджиагдæр хъæздыгдзинад, æмæ алы специалист дæр хъуамæ уа цæттæ цыфæнды инфекцийы ныхмæ хъæддыхæй æрлæууынмæ. Иунæджы бон ницы у. Æмдыхæй кусæм æмæ архайæм, цæмæй эпидемиологон æхсæнад Цæгат Ирыстонæн уа фидар ныфс æмæ бахъуаджы рæстæг æххуыс, – загъы Хæбæлаты Надинæ.

Адæймаг куы райгуыры, уæд йæ ныййарджытæн, йæ бинонтæн æмæ хиуæттæн свæййы ныфс, йемæ фæбæттынц сæ фидæны бæллицтæ. Стыр амонд у ныййарæджы фæндиаг фæуын. Уыцы амондæй хайджын фæдæ, Надинæ. Уымæн æвдисæн, абоны онг дæ къухы цы æнтыстдзинæдтæ бафтыд, уыдон.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**



# Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ



## Ахæм у мæ хатдзæг...

**Уæдæ, цæй амонддзын стæм, ирондзинад, ирон фарн тауæг газет «Рæстдзинад» нын кæй ис, уымæй! Нæ иунæг ирон газет мын, æрвон хурау, зынаргъ у – нымайын æй хæзнаты – хæзнайыл. Уымæн æмæ мæ кæддæриддæр зонгæ кæны ног хабæрттимæ, бакæсын дзы бирæ зондамонæнтæ, бирæ цымыдисаг хабæрттæ. Æз стыр аргъгæнæг дæн газетæн дæр æмæ йæ редакцийы цы Хуыцауыысконд адæм кусынц, уыдонæн. Æмæ сын сæ æвæллайгæ зæрдиаг лæггæдты тыххæй зæгъын БУЗНЫГ!**

Мæ уарзон газеты фæрстыл цы уацхъуыдтæ мыхуыргонд цæуынц, уыдон мæм арæхдæр æвзæрын кæнынц сæрыстырдзинады æнкъарæнтæ. Фæлæ, дзы, хъыгагæн, бакæсын ахæм æрмæджытæ дæр, кæцытæй зæрдæ бамæгуыр вæййы. Гъе, ахæм уацхъуыдты тыххæй у абон мæ ныхас.

Цæвиттон, майрæмы мæйы 19 боны газеты куы бакастæн Бутаты Эльзæйы æрмæг «Къоста Костайæ баззайдзæн, Нигер – Нигерæй», уæд та хъуыдыты уацары бахаудтæн – цы уыдзæн нæ фидæн, зæгъгæ.

О, ис нæм бæгуыдæр хорз кæстæртæ, мæ уд сæ фæхъхъау! Фæлæ, мæнæ Эльзæ цы «æвзыгъд» лæппуты кой ракодта, уыдоны куыд ис бамбарæн? О, къæрцхъус æмæ сæрæндзинад равдыстой. Фæлæ сæ миддунейы æгуыдзæгдзинад та куыд бамбарæн ис? Уæдæ æрыгон, хæрзконд, хæрзуынд, сæрæн лæппутæ хъуамæ ма зоной хъуыстгонд ирон поэт Дзанайты Иваны? Ау, æппын сын скъолайы дæр никуы ничи загъта, Дзанайты Иванæн йæ фæсномыг Нигер кæй у, уый? Уæдæ æппæт зæххы къорийыл хъуыстгонд Къостайы цыртдзæвæны алыварс чи стыгуыр вæййы æмæ йын йæ хъæбысы йæ сывæллоны чи æрбадын кæны, уыцы къуыдипп, æнæхъолаты куыд ис бамбарæн? Æз афтæ хъуыды кæнын, æмæ ног дуджы бастдзинады фæрæзтæ – теле-



ЗИНАД № 149 (26601) 2026 АЗЫ 19 АВГУСТ – МАЙРÆМЫ МÆЙЫ 19 БОН

æ цардæй

Къоста Къостайæ баззайдзæн, Нигер – Нигерæй...

жик?», зæгъгæ. Ома, æрбацæуæг цæмæй зоны, цыртдзæвæн кæй кадæн конд æрцыд, уыдæттæ. Æрæджы ма нæхæдæг дæр уыцы цыртдзæвæнæй хъазгæ кодтам, нæ фæсивæдæн куыд æнтыст, афтæ дзы сæ къамтæ истой, цыртдзæвæныл бæхбадт кодтой. Адæмы хъæр та кæд кæмæ хъуыст...

Уыдæттæ фæсте аззадысты, мæнæ æвзæр низ куыд уа, раст афтæ. Къоста бирæ тыхстдзинæдтæ бавзæрста йæ царды, йæ амæлæты фæстæ дæр ныббыхсдзæн, æндæр цы загъдæуа... Уыцы æнæхъола фæсивæды бон дæр ын ницы у... Гæдыйы лæппыны Нигер схон, уым уагæры хорздзинадæй цы ис? Цымæ, кæй зæрды 'рæфтыд уыцы тæхгæ-нæргæ хъуыды, цымæ æппындæр, ахуыргæнгæйæ, ирон литературæйы урокты Нигеры ном никуы фехъуыстой, æви æвзаг афтæ не 'мбæрстой, æмæ сын уæлдай нæ уыд, Нигер у æви Дзанайты Иван...

Ирон поэт Дзанайты Иван кæд революцийы агъоммæ райгуырд, Нары приходы скъола каст фæцис, уый фæстæ та – Æрыдоны удварны семинар, фæстæдæр – Саратовы университеты историон-филологион факультет, уæддæр йæ зонд уыд æгæрон. Йæ курдиат – бирæвæрсыг, журнал «Фидиуæг»-ы цы критикон, цыргъ æрмæджытæ мыхуыр кодта, уыдоны бын-иу бафыста йæ фæсномыг Нигер. Уæды æмæ ныры ахуыргæндты, поэтты, фысджыты архæстдзинæдтæ, зондахаст кæрæдзиимæ нæ бардзыстæм...

Кæд æмæ скъолайы Нигеры сфæлдыстад нæ базыдтат, уæд уæ ныр дæр ницæмæн хъæуы, фæлæ цæрæгойты лæппынты нæмттæ фендæрхуызон кæнут. Уæхицæн уыцы зын скæнут, æвæццæгæн, мæнæ цы мадæлон æвзаг нæ уарзут, уыцы урокты кæмдæр айхъуыстат, Нигер, зæгъгæ, ном, кæмдæр уæ зонды ныссагъд, афон ралæууыд, æмæ зонд скуыста. Ралæвæрдта йæ 'хсæнадмæ. Æгайтма уæ бон у баххуыс кæнын, фæлæ ма-иу уыцы рæстæг уæ цыбыр зонындзинæдтæ дæр скусын кæнут. Мыййаг, цы нæ вæййы...

Къоста Къостайæ баззайдзæн, Нигер – Нигерæй... Уæ бон сын ницы у.

БУТАТЫ Эльзæ

фонтæ фæиппæрд кодтой рæзгæ фæлтæрты аивадон литературæйæ, газеттæ æмæ журналтæй. Стыр ахуыргæндтæ раджы куы бамбарын кодтой, рæзгæ удæн йæ миддуне хъæздыггæнæг, фыццаджы-фыццагдæр аивадон литературæ кæй у, уый. Газеттæ æмæ журналтæ дæр сæ зонындзинæдтыл хуыздæрæрдæм кæй ахадынц, уый дæр бæлвырд куы у. Нæ кæстæртæ ииуылдæр куы пайда кæниккой, уæлдæр ранымад миддуне хъæздыггæнæг фæрæзтæй, уæд сæ зонындзинæдтæ ахæм цыбыр æмæ къуындæг нæ уаиккой.

Æрхæсдзынæн ма ахæм цæвиттон дæр. Зындгонд куыд у, афтæмæй махмæ, Куырттаты комы, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг йæ цард Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау чи нæ бавгъау кодта, уыдонæн, зынгæ бынаты, ивгъуыд æнусы æвæрд æрцыд цыртдзæвæн «Хъыджы бæх». Гъемæ, зынаргъ газеткæсджытæ, чидæртæ уыцы «Хъыджы бæх»-ы нымайынц хъазæныл. Нæ йын æмбарынц йæ мидис. Æрыгон лæппутæ æмæ чызджытæй иуæй-иутæ, раст цыма парчы хъазæн бынаты сты æмæ хъазæн бæхыл бадынц, уыйау, сæргуыбырæй йе 'дзард хæстон барæгмæ æнхъæлмæгæсгæйæ чи лæууы, уыцы бæхыл сбадынц æмæ хъæлдзæгæй, æз фæраздæронæй сæ къамтæ фæисынц. Кæцыдæр ныййарджытæ та сæ сывæллæтты бæхы рагъмæ сисынц æмæ сын сæ къамтæ худгæ, хъазгæйæ фæисынц. Ахæм æнæмбаргæ адæм сæ рæстæджы патриотон хъомылад кæй нæ райстой, æмæ сæ зонды кæй нæ ныффидар, уый ирдæй зыны.

Уæдæ куыд ис бамбарæн, Саутæты Тамилæ йæ уацхъуыд «Хæххон нывтæ», – зæгъгæ, («Рæстдзинад» 1 сентябрь) кæй кой кæны, уыцы сæудæджергæнджыты? О, ахæм фæлдурæдджын дуджы цæрæм, æмæ сæудæджердзинад нæ царды бацахста ахсджиаг бынат. Раст зæгъы Тамилæ, сæудæджергæнджыты къух хæхбæстæм дæр æххæссы. Базартæ нæм кæй фæзынд, уый диссаг нæу, Тамилæйы загъдау æхцайы дуг у æмæ кæй куыд фæнды, афтæ амæлттæ кæны. Фæлæ диссаг уый у, æмæ дзы цы 'мбæлы, цы не 'мбæлы уыдæттæ кæй уæй кæнынц. Мæ ныхас у Ирыстоны тырысайы нысаниуæгыл. Раст зæгъы Тамилæ: «Тырысайы ахадындзинадæн паддзахадон вазыгджын нысаниуæг и æмæ дзы базар кæныны мадзæлтты пайда кæнын раст хъуыддаг нæу». Куыд ма йæ ис хуыздæр зæгъæн? Разы дæн Тамилæимæ, тырысайæ базар кæнын æнаив, æнæзакъон хъуыддаг у. Æмæ ма иу фиппаинаг – Ирыстоны тырыса февзæры алы рæтты – суанг сараты, гаражты сæртыл, чидæртæ йæ сæ кулдуæрттыл дæр æрцауындзынц. Арæх фенæн вæййы ахæм ныв дæр: рог хæдтулгæ згъоры, йæ рудзгуытæй сывæллæттæ Ирыстоны тырыса тилынц æмæ хъæлдзæгæй худынц. Хъæлдзæг кæй сты, уый хорз у, фæлæ Ирыстоны тырысайæ хъазгæ кæй кæнынц, уый мæм раст нæ кæсы. Паддзахадон тырыса æмæ гимн табуйаг уыдысты нæ фыдæлтæн. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты-иу хæстонтæ тырыса цæстыгагуыйау куы хъахъхъæдтой, арф-иу æй сæ рæтты куы бавæрдтой æмæ-иу афтæмæй хæсты цæхæрмæ куы æппæрстой сæхи. Уæд абон паддзахадон тырысамæ сæ фæдонтæ ахæм уæлæнгай цæстæй цæмæн кæсынц? Цæуылнæ сæ хъус дарынц ахæм æнæзакъон, æнæраст хъуыддæгтæм барадхъахъхъæнджытæ та?..

Æппæт уыцы æнæраст хъуыддæгтæ уынгæйæ, хъусгæйæ æрцыдтæн ахæм хъуыдымæ: скъолаты патриотон хъомылад фæцудыдта – нæй æмбæлгæ æмвæзадыл æвæрд. Скъолаты æмæ уæлдæр ахуырадон уагдæтты ахуыргæнджыты, хъомылгæнджыты уæхскуæзæй бакусын хъæуы патриотон хъомылады фарстатыл. Æвæстиатæй сæ бакусын хъæуы, ууыл дæр, цæмæй рæзгæ фæлтæр се 'ргом раздахой аивадон литературæмæ, алы мадзæлтты фæрцы сæ разæнгард кæной газеттæ æмæ журналтæ кæсыныл. Гъе, ахæм у мæ хатдзæг.

**ФÆРНИАТЫ Рая,**
**Уæллаг Фыййагдон**

## Хæххон нывтæ

**Тынг бирæ уазджытæ цæуы Ирыстонмæ, акæсæнтæ нæй нæ республикæйы æппæт районтæм, уæлдайдæр Куырттаты комы бынæттæм.**

Махмæ, нæхимæ диссаг нал кæсынц, астæуккаг æнусты рагон арæзтæдтæ, æрцæуæг адæм та цымыдисæй фæлгæсынц алы зæронд дурмæ дæр. Куырттаты комы, Фаллаг коммæ фæндагыл, бæрзонд тигъыл лæууынц æфсымæртæ Куырта æмæ Тæгайы заманты мæсгуыты хæлддзæгтæ. Бирæ рæстæджыты уыдысты ахæм уавæры, ныр сæм Гуыриаты мыггагæй амалхъом адæймаг базылдис, Хæкъуынайы мæсыг æнæхъæнæй дæр самайын кодта, Куырта æмæ Тæгайы мæсгуытæ та уал æрдæгарæзтæй лæууынц. Реставрацийы куыстытæ æнцон не сты, стæй сын чысыл æхца æмæ æрмæг нæ хъæуы. Фæлæ, раздæр куыд уыдис ацы бæрзонд тигъ, афтæ нал у. Йæ фæз æмæ йын фæндæгтæ фæуæрæхдæр кодтой æмæ дзы ныр рог автомашинæтæ æмæ маршруткæтæ æнæкъуылымпыйæ разилынц. Иу хурбон Фæзыхъæумæ цæугæйæ, мæ цæст ахастон, алыхуызон сувениртæ æмæ продукттæ кæм уæйгонд цыдис, уыцы чысыл базарыл. Базартæ ныр хæхбæсты сарæх сты, æмæ кæм не сты – нæлгоймæгты моладзандонæй райдай æмæ Дыгургомы хъæутæй фæу. Алы ранмæ дæр сæудæджергæнджыты къух баххæссыд. Чи зоны, æвзæр хъуыддаг нæу, фæлæ ацы фарстайы дæр æххæст кæнын хъæуы бæлвырд домæнтæ.

Куырта æмæ Тæгайы мæсгуыты хæлддзæгты раз туристтæй азмæлæнтæ нæ уыд. Кæцæй нæ уыдысты, ахæм нал баззад. Чысыл æд-



ирон нозт: хи конд сæн, арахъхъ, мыд, цыхт æмæ æндæр продукттæ. Мах, бынæттон цæрджытæ, ахуыр стæм мыд æмæ цыхтыл дæр, фæлæ æндæр адæмтæм та нæ хойраг сыгъдæг æмæ хæрзхъæд фæкаст. Зæрдиагæй сæ æлхæдтой семæ ласынмæ.

– Мæхи цæхæрадоны зайы сæны аккаг сæнæфсир. Алы аз дæр дзы сæн рауадзын. Мæнæ ардæм дæр æй ласын æмæ йæ зæрдиагæй æлхæнынц туристтæ, – загъта Амиран.

Канд Мæргъийы-фыртæй уæлдай

Ииуылдæр сты нæхи ирыстойнаг æрмадзты арæзт продукци. Цæст сæ уындæй райы, фæлæ сæ æргътæ та куыдзау хæцынц. Уыимæ, алы нымæтхуд æмæ цъындайыл дæр Ирыстоны тырысайы эмблемæ хуыд. Тырысайы ахадындзинадæн паддзахадон вазыгджын нысаниуæг и æмæ дзы базар кæныны мадзæлтты пайда кæнын раст хъуыддаг нæу. Алцæмæндæр закъоны домæнтæ фыст ис, æмæ сæ æххæст кæнын хъæуы, куыд æмбæлы, афтæ. Фæлæ, æхцайы заман у, капитализмы дуг æмæ кæй

## Æуууæндæм Асланыл

**Уæ бон хорз æмæ уыл хъæлдзæг бонтæ кæнæд, зынаргъ редакцийы кусджытæ!**

Фыссы уæм Уæллаг Фыййагдоны цæрæг – Елхъанаты Жаннæ. Уарзын кæсын нæ адæмон газет «Рæстдзинад». Ацы æцæг ирон газет мын бауарзын кодта мæ дзæнæты бадинаг мад. Мæ мад куыд иузæрдион уыд газет «Рæстдзинад»-ыл, афтæ йыл ныр æз дæр дæн æнувыд. Æвзæрын мæм кæны цымыдисдзинад æмæ йæм æнæрхъæцæй æнхъæлмæ фæкæсын. Уымæн æмæ кæддæриддæр базонгæ вæййын нæ республикæйы хабæрттимæ. Нæ зынаргъ ирондзинад тауджытæ, уæ зæрдиаг архайдæн уын дæн стыр аргъгæнæг æмæ уын зæгъын бузныг! Курын, уæ, цæмæй мын мæ фыстæг ныммыхуыр кæнат мæ уарзон газет «Рæстдзинад» - ы фарсыл...

Дыууæ азы размæ Фыййагдоны хиуынаффæйады сæргълæууæджы хæдивæгæй нысангонд æрцыд Дзæу-джыхъæуы цæрæг **Хадыхъаты Аслан.** Æрыгон, ныфсдæттæг лæппу комбæсты цæрджытæн цыбыр рæстæгмæ йæхи бауарзын кодта йæ ирондзинад æмæ йæ хæрзæгъдауддзинадæй. Æрбалæууыд администрацийы сæргълæууæг Гуыриаты Валерийы фарсмæ, æмæ йын алывæрсыг æххуыс кодта. Фæлæ зындгонд куыд у, афтæмæй 2025 азы фæззæджы, Гуыриаты Валери, йе 'нæниздзинадмæ гæсгæ, ацы бæрнон куыстæй йæхи суæгъд кодта. Районы разамынд нæ хъæуы администрацийы сæргълæууæджы хæстæ рæстæгмæ бабар кодта Хадыхъаты Асланæн. Уæдæй абонмæ æххæст кæны уыцы бæрнон хæстæ. Ам йæ фарсмæ æрбалæууыд администрацийы специалист **Бæгъиаты Аллæ** – дæсны, фæлтæрдджын æмæ цæстуарзон адæймаг. Аллæ æмæ Аслан кæрæдзийы æмбаргæйæ æххæст кодтой сæ бæрнон хæстæ. Уалдзæджы 2026 азы комбæсты цæрджытæ æмвæндæй равзæрстой бынæттон хиуынаффæйады сæргълæууæгæй Цгъойты Уырызмæджы, йæ хæдивæгæй та – Хадыхъаты Асланы. Ацы дыууæ кæстæры æмбарынц бæрнондзинад, æмвæнд, æмзондæй архайынц комбæсты цæрæг адæмы цардыуаджы уавæртæ фæхуыздæр кæнынил. Администраци дарддæр дæр архайы федералон программæтæ æмæ национ проектты фæлгæтты. Фæлæ мæ ныхас бæлвырддæр у Хадыхъаты Асланыл. Аслан тыхсы, комбæсты цы бирæ лыггæнинаг фарстатæ ис, уыдоныл. Ахæм уавæрты æмбаргæ лæппу кæны ныфсджын къахдзæфтæ. Йæ архайд кæддæриддæр у закъоны бындурыл. Алы хъуыддаг дæр æххæст кæны, уагæвæрд нæ халгæйæ, закъон куыд амоны, афтæ...

Асланæн ныридæгæн дæр йæ къухы бафтыд ахсджиаг хъуыддæгтæ саразын. Афтæ, 10-æм бирæуæладзыгон хæдзары сæры бындурон цалцæггæнæн куыстытæ фæрæвдздæр



кæнынил бацархайдта, æмæ йæ къухы æфтгæ дæр бакодта. Аслан хорз æмбары 7-æм бирæфатерон хæдзары цæрджыты тыхстдзинад дæр. Сæ хæдзары сæр ис тынг æдзæллаг уавæры. Администрацийы раздæры разамонæг Валери-иу æй рæстæгмæ бæргæ бамбæрзын кодта, фæлæ хæххон хивæнд æрдз домы фидардæр арæзтад. Æмæ та ацы ахсджиаг хъуыддагыл дæр Аслан бакуыста. Ныр тагъд подрядон кусджытæ бавналдзысты 7-æм хæдзары сæры арæзтадмæ.

Аслан архайы ныхасæй нæ, фæлæ хъуыддагæй. Æмбаргæ, зондджын, арæхстджын лæппу тынг зæрдиагæй архайы, комбæсты зæххытыл цы æгæрон хæлофдзинад сæвзæрд, уыцы уавæр закъоны бындурыл банывыл кæнынил. Архайы, тæссаг рæтты - лæбырдтыл, фæхсытыл, Фыййаджыдоны былгæрæттыл цыренæй цы арæзтад цæуы, уый бауромынил. Уæндонæй, ныфсджынæй æрлæууыд æрнæджыты æмæ гæмæхты æнæ бардзырдæй стыр галуантæ чи аразы, уыдоны ныхмæ. Æмæ мæ уырны, йæ къухы кæй бафтдзæн, ацы ахсджиаг фарста (ома, зæххыты фарста) бабиноныг кæнын.

Уæдæ поселочы фæндæгты уавæр дæр ранæй-рæтты бæллиццаг нæу, кæцы тыхсын кæны цæрджыты. Уæлдай æдзæллаг уавæры уыдис сывæллæтты санаторимæ фæндаг. Ацы, æнæмæнг лыггæнинаг фарста дæр Аслан сæвæрдта, куыд районы, афтæ республикон оргæнты раз дæр. Æмæ куыд сбæлвырд, афтæмæй фæндаггон куыстыты программæмæ хаст æрцыд. Мах, Фыййагдоны поселочы цæрджытæ, тынг тыхсæм канализацион системæйы æдзæллагдзинадæй. Амынд системæ арæзт æрцыд ивгъуыд æнусы 60-æм азты. Ацы ахсджиаг хъуыддагыл дæр зæрдиагæй бакуыста. Æмæ бæлвырд куыд у, афтæмæй системæ хайгай нывылгонд æрцæудзæн. Бавналдзысты йæм ацы аз, ома, 2026 азы. Уæдæ, цæмæй æрбацæуæг рынчынтæ æмбæлгæ медицинон æххуыс исой (цалынмæ пульмонологон центры арæзтад цæуа, уæдмæ), ууыл дæр бацархайдта. Фæсивæдон центр «Барс»-ы сын бынат скодта. Бацархайдта, цæмæй тагъд медицинон æххуысы кусджытæн дæр уа сæрмагонд бынат æмбæлгæ уавæртимæ. Аслан кæддæриддæр йæ цæст дары уынгты сыгъдæгдзинадмæ, архайы, цæмæй поселокæй æрвылбон бырон ласт цæуа, хъæутæй та – къуыри иу хатт. Йæ хъæппæрисæй иуваргонд цæуынц æнæзакъон бырондæттæ. Уымæй уæлдай ма Аслан бирæ æндæр ахсджиаг хъуыддæгтыл архайы. Алы фарстамæ дæр кæсы бæрнон цæстæй. Æмæ йыл æууæндæм. Æууæндæм Хадыхъы-фырт дарддæр дæр кæй архайдзæн ныхасæй нæ, фæлæ хъуыддагæй. Æууæнкджын уæвын ацы кæстæрæн фыдæлтæй баззад. Йæ фыдæлтæ Лæцы хъæуæй рацæугæ сты. Æз мæхæдæг райгуырдтæн æмæ схъомыл дæн Куырттаты комы. Мæ хистæртæй-иу арæх хъуыстон Асланы фыдæлтæ стыр æууæнчы аккаг кæй уыдысты, уыцы хабæрттæ. Мæнгæн нæ фæзæгъынц, – «Фыды фарн мæрдтæм нæ цæуы». Ахæм æууæнкджын æмæ хæрзæгъдауджынæй нын йæхи базонын кодта сæ фæдон Аслан дæр. Бирæ рæсугъд фæндтæ йæм ис æмæ се 'ппæт дæр йæ къухы бафтæнт! Æнтыстджын у, Аслан!

**ЕЛХЪАНАТЫ Жаннæ,**
**Уæллаг Фыййагдоны цæрæг**

## Царды фæзилæнтæн базонæн нæй

**Хæрз æрæджы фæзонгæ дæн, кæй тыххæй фæнды мæ радзурын, уыцы бинонты æрвадæлтимæ. Ракодтой мын, зæрдæйы тæгтыл чи 'мбæлы, адæймаджы стыр сагъæстæ æмæ хъуыдыты чи баппары, ахæм хабæрттæ. Ноджы ма иу хатт æрцыдтæн æнæгуырысхойаг хатдзæгмæ – нæ цард, нæ хъысмæт, цыдæриддæр ныл æрцæуы æмæ æрцæудзæн – сты не Сфæлдисæджы фæндонæй, уый нын сæ æрвиты...**

Ивгъуыд æнусы 20-30-æм азты Уæрæсейы цæхгæр ивтой, сæдæгай азты дæргъы æнæкъуылымпыйæ царды цы æууæлтæ æмæ хабæрттæ цыд, уыдон. Рапарахат коллективизаци, тынгæйтынгдæр кодта кълассон ныхмæлæуд. Хæдзардзин, кусæг адæймæгтæ рагæй дæр уыдысты паддзахадæн йæ фæхæцæн, йæ фидар бындур. Ныр уыдон банымадтой ног хицауадæн знаггад хæссæг тæлмыл, кулактыл, рапарахат карз тох семæ. Уыцы хъæппæрисджын, куыстадзагъд адæймимæ бахаудта хъахъхъæдуйраг Дыгуры Хъамболат дæр. Хъамболат уыдис фидар ныфс æмæ æнцой, фæхæцæн канд йæ бинонты нæ, фæлæ сыхбæстæн, æнæхъæн хъæубæстæн дæр. Куыста æхсæвæй-бонæй, фæллад нæ зонгæйæ, йæ бинонты ницæмæй хъуаг уагъта. Æппæтæй фылдæр уарзта йæ сырхдзыккуджын гыццыл чызг Бадийы.

Цард цыди цадæггай, ног цардарæзтыл тох бахæццæ Хъахъхъæдурмæ дæр. Хъамболат бамбæрста, хорзæй дзы кæй ницы фендзæн, уый, уæлдайдæр æм-иу æхсæв йæ дуар сæрмагонд къорды æфсæддонтæ куы 'рбахостой, уæд, хъуамæ йæ акодтаиккой. Хъамболат схæцыд семæ, стæй куы бамбæрста, къæппæджы хауы, зæгъгæ, уæд йæ саулохыл йæхи баппæрста æмæ аныгъуылд æхсæвы тары...

Нал разынди Хъамболат, йæ кой дæр никæцæй уыди. Рæстæг та цыди, йæ цот байрæзтысты, мой скодта чызг Бади дæр, райгуырди йын сывæллæттæ. Фæлæ рæстæг ахæм уыди, æмæ адæм тыхст æййæфтой алцæмæй дæр – хойрагæй, уæлæдарæсæй, царды æндæр ахæм фæрæзтæй. Ахæм кой цыдис, æмæ, дам, Астæуккаг Азийы у хъарм, дыргъ, халсартæ аслам, æхца бакусæн дæр дзы ис. Гæнæн нал уыди, æмæ Бади сфæнд кодта уырдæм ацæуын. Сабиты бабар кодта йæ зæронд мадæн æмæ ацыд дард балцы. Ныххæццæ тæвд бæстæмæ, уайтагъд бахаудта скæсæйнаг царды уавæртæм – хъæргæнаг, рыгæйдзаг базартæм, адæмы æнæрынцой змæлдмæ.

Самаркæнды базары уыцы азты кæй нæ федтаис – дервишы йæ зæронд скъуыдтæ халаты, хæрзхуыз сæудæджергæнæджы, сагъæсхуыз æлхæнджыты, суанг мидхъуыддæгты оргæнты кусæджы дæр йæ цæрмын къурткæйы фæтæн ронæй æлвæстæй.

Царды фæзилæнтæн базонæн нæй.

Иу бон Бади цыди базары, кæстытæ кодта алырдæм. Æвиппайды йæ хъустыл ауади: «Чызг!» Ракасти фæстæмæ. Йæ размæ лæууыди рæстæмбис ас хæрзарæзт ацæргæ нæлгоймаг. Уый йæм æдзынæг касти. «Мæ чызгæн дæр дæ хуызæн сырхсырхид дзыккутæ уыди, чи дæ, кæцæй дæ?» – бафарста уый Бадийы. «Æз дæн ирон, Хъахъхъæдурæй, Дыгуры Хъамболаты чызг», – загъта Бади. Хъамболатæн исдуг йæ бон сдзурын ницыуал баци, цавддурау фæци, стæй скуыдта æмæ Бадийæн ныхъхъæбыс кодта: «Мæ чызг, мæ чызг, æз дæ фыд дæн, Хъамболат!» Иуцасдæр рæстæг фыд дæр æмæ чызг дæр æнæсдзургæйæ лæууыдысты, сæ дыууæйы дæр кæронмæ нæма уырныдта, кæдæй-уæдæй ма кæй фембæлыдысты, ныййарæг æмæ хъæбул кæрæдзи кæй федтой Сфæлдисæджы фæрцы, Уастырджийы æххуысæй, уый, табу Сæхицæн!

Бирæ зæрдиаг ныхæстæ фæкодтой Хъамболат æмæ Бади, хатгай-иу сæ мысинæгтæй сæ зæрдæтæ суынгæг сты, скуыдтой-иу, сæ бинонты раздæры цард-иу сæ цæстытыл ауади.

– Мæ фыд, цом нæхимæ, нæ Ирыстонмæ, – æрæджиау сдзырдта Бади, – ацы æцæгæлон бæстæйы дæ куыд ныууадзон?

– Нæ, нæ, мæ дзæбæх чызг, – æнкъардæй бакодта Хъамболат. – Ныр ма æз уым знагыл нымад дæн, мæ хъысмæт хорз нæ уыдзæн. Банхъæлмæ кæсдзынæн, чи зоны, рæстæг рацæуа, æмæ уавæр раива, уæд исты æрхъуыды кæндзынæн.

Хъамболат балхæдта Бадийæн алыхуызон зынаргъ лæвæрттæ, æхца йын ратта æмæ йæ Ирыстонмæ афæндараст кодта. Уый фæстæ Хъамболат цы баци, куыд баци, уый нал сбæрæг, ничиуал æй федта хиуæттæй.

**ХÆМЫЦАТЫ Тигран,**
**УФ-йы Журналистты цæдисы уæнг**

Рохæн æвгъау нæмттæ

# Цецилия – курдиат æмæ музæ

**Мелодийы баззад цæргæйæ Дзаттиаты Цецилияйы ном, йæ амæлæты бонмæ та – дунейы хъуыстгонд виолончелист æмæ пианист Мстислав Ростроповичы уарзæгой зæрдæйы. Ирыстоны хъуыстгонд фæндырдзæгъдæг Калманты Земфирæ «Цецилия»-ы цагъды мырты снывæзта хæрзуд, рæсугъд, бæрзонд æмвæзады курдиатæй хайджын чызджы миддуне, æнкъарæнтæ, стæй йæ хорз æмбалмæ ахаст. Йæ зæры бонмæ, Цецилияйы трагикон мæлæты фæстæ дæр, Мæскуыйæ Ирыстонмæ йæ ингæн бæрæг кæнынмæ, удæгас дидинджыты бастимæ цыд дунейы зындгонд музыкант. Йæ царды музæ Цецилияйы рухсмæ фæзынд æмæ мæлæт æрцыдысты иу мæй – сентябры.**





Мстислав РОСТРОПОВИЧ æмæ ДЗАТТИАТЫ Цецилия

Паддзахадон хæрзиуджытæ йæм нæ уыд, нæдæр адæмон, нæдæр сгуыхт артисты ном хаста. Кæмфæнды ма уыдаид, йæ цыбыр царды (рацард 37 азы), чи йæ зыдта, уыдон ын стыр аргъ кодтой. Чайковскийы номыл, консерваторийы ахуыргæнгæйæ йыл сæ цæст æрæвæрдтой ахуыргæнæндоны алы курсы студенттæ. Чызг та, цымæ йæ уыдæттæ не ‘ндавынц, афтæ дардта йæхи, ахуырæй уæлдай, æндæр ницæмæ дардта йæ хъус. Уындæй та, зæгъынц, уыд æвæджиау рæсугъд: бæрзонд, тихалæджы æнгæс йæ гуырыконд, урсцъар, æрвхуыз цæстыты ‘нгас даргъ пух цæстыхауты бынæй дзырдта, хуымæтæг адæймаг кæй уыд, ууыл. Сабыр, хæдæфсарм чызг ныгъуылд уыд йæ мæгуырдзинадæй хæрзарæзт мæскуыйæгты ‘хсæн.



Цецилия йæ фырт Аланимæ



Цецилия Корделияйы ролы



Цецилия йе ‘мкурсонтимæ

Суанг уынджы цæуынмæ дæр æмбал агуырдта, фылдæр хатт иу æй æмдзæрæнмæ бахæццæ кодта йе ‘фсымæр Гасситы Знауыр – Мæскуыйы Авиацион институты студент. Арæх æй бæрæг кодта, кавказаг лæппуйы раз æм сдзурын дæр ничи уæндыд. Йемæ базонгæ, сси йæ хæлар консерваторийы аспирант Мстислав Ростропович «кæд æм Цецилия йе ‘ргом раздахид»-ы хъуыдыимæ. Тæнтъихæг æрыгон виолончелист æй æгæрон уарзтæй бауарзта, йемæ аныхас кæнынмæ та йæ ныфс нæ хаста. Кавказаг чызгмæ йæ дзурджытæй ничи уæндыд хæстæгмæ аныхас кæнын.

Цецилия консерватори каст фæцис, фæлæ уыцы рæстæгмæ йæ рауагъдонтæн Ирыстоны куысты бынæттæ нæма уыд. Дзæуджыхъæуы оперон театр нæма байгом, æмæ æрыгон зарæггæнæг архайдта филармонийы камерон концертты, фæстæдæр та йæхæдæг дæр лæвæрдта концерттæ. Сыгъдæг меццо-сопрано, сценикон зæрдæисгæ ‘ддагбакастæй балхæдта адæмы зæрдæ. Иунæг оперæйы дæр нæ зарыд Циля, йе ‘нæниздзинады уавæр уый нæ амыдта. Оперон сценæйы йын цы нæ бантыст, уый сæххæст кодта Ирон театры, райдыдта дзы кусын 1954 азы. Уыцы рæстæг хæстæгдæр базонгæ зындгонд фæндырдзæгъдæг æмæ композитор Калманты Земфирæимæ. Земфирæ уыд ансамбль «Алан»-ы концертмейстер, сфæлдыстадæн лæггадгæнæг чызджыты та сиу кодта аивадмæ уарзондзинад, кæрæдзийыл æнувыд уыдысты.

Уæлахизы бонæй бирæ рæстæг нæма рацыд, афтæ Цецилия «Алан»-ы ансамблимæ ацыд гастрольты Германимæ. Алы горæты дæр сыл райгæйæ, æмбæлдысты цæрджытæ. Сæ иуы, концерты фæстæ артисттæ сценæмæ куы рахызтысты, уæд бирæтæ уыдысты аив уæлæдарæсы, æрыгон чызг та хуымæтæг арæзт уыд æмæ ‘фсæрмы кодта семæ иу сценæйыл лæууын. Куы йæм бахатыдысты, уæд ма йын цы гæнгæ уыд. Ахæм уæлæдарæсы дæр сценæйы цæхæр кæй калдта йе ‘ддагбакастæй, уый концерты уæвджытæ æнæбафиппайгæ нæ фесты.



Цецилия киноныв «Сын Иристона»-йы

Æрхæсдзыстæм Ирон театры архивы Дзаттиаты Алыксандры чызг Цецилияйы Хъуыддаджы фыстытæй скъуыддзаг: «...Дзаттиаты Цецилия 1948 азы каст фæцис Чайковскийы номыл консерваторийы цур оперон студи. Йе ‘нæниздзинады уавæрмæ гæсгæ паддзахадон фæлварæнтæ нæ ратта. Æмбал Дзаттиаты чызгмæ ис, иннæтæй йæ чи хицæн кæны, ахæм миниуджытæ: эмоционалон цырындзæгдзинад, ис ын хорз хъæлæс, йæ бон у хи фæлхатын, æнцонæй райсы æндæр фæлгонц. Æппæт уыдæтты фæрцы зæрдæ дарæн ис, æмæ Ирон театры коллективæн пайдайаг æмкусæг кæй уыдзæн».

Æнæферохгæнгæ фæлгонцтæ сарæзта ацы театры: Дездемонæ – «Отелло», Зæлинæ – «Тæрккъæвдайы размæ», Зæлинæ – «Æфсымæртæ», Корделия – «Къарол Лир», Фатимæ – «Фатимæ»-йы. Уыцы ролы тыххæй театры архивы æрмæгæй автор базыдта, фæлгонцыл кусгæйæ, Цецилия кæй архайдта, хъайтар сылгоймаджы уд æдзух цæмæй байдзаг вæййы, уыцы æбæрæг хæрзаив бæллиц бахахх кæныныл. Уымæй Фатимæйы – хохаг сылгоймаджы сурæт рауад æнахуыр зæрдæмæдзæугæ. Уыцы хуызы куыста, цы йын уыд баргонд, уыдæттыл. Эпизоды ахъазыд аивадон киноныв «Сын Иристона»-йы, раттой йын Таймуразы мады роль. Егъау нæ уыд, фæлæ, киноныв чи федта, уыдон æй хорз бахъуыды кодтой, афтæ зæрдæмæдзæугæ йын рауад.

Ирон чызгæн Цецилия ном куыд æнахуыр уыд, æгасæй дæр афтæ рахаста йæ цыбыр цардвæндаг, æрдзæй лæвæрд ын уыд курдиат, æддагбакаст æмæ удысконд. Уæвгæ, йæ хиуæттæй бирæтæ уыдысты ахæм адæймæгтæ. Фыд Алыксандр уыд зындгонд æхсæнадон архайæг, Хуссар Ирыстоны ЦÆК-ы Сæрдар, фыссæг æмæ революционер. Ууыл дзурæг у, Дзæуджыхъæуы цы хæдзары цард, уый къулыл фæйнæг. Цецилия уыд ирон литературæйы классик Хъуылаты Созырыхъойы хæрæфырт, йæ фыдыхо – Гуырдзыстоны адæмон артисткæ Дзаттиаты Соня. Йæ фырт Гасситы Знауыр та – Хуссар Ирыстоны Хицауады Сæрдар. Туг хæссы, зæгъгæ, хуымæтæджы нæ фæзæгъынц.

Дзаттион Мæскуыйæ куы сыздæхт, уæд йæ курджытæ сарæх сты, равзæрста сæ къæйныхдæры, зындгонддæр æмæ цытджындæры – инженер Бутаты Барисы. Фæзынд сын хъæбул дæр, сæвæрдтой йыл ном Алан. Фæлæ сæ цард нæ ацыд, æмæ ахицæн сты. Мстислав Ростроповичæн та, фыццагау, йæ зæрдæйы уарзондзинады арт сыгъд. Мæскуыйæ Дзæуджыхъæумæ цыд поезд, сбадт ыл йæ Циля, хæстæгдæр рæстæг хъуамæ фæстæмæ Мæскуымæ раздæхтаид, æмæ сæ цард баиу кодтаиккой. Ууыл баныхас кодтой дунейы зындгонд адæймаг æмæ Ирыстонæн адæмуарзон актрисæ. Фæлæ хъуыддаг нæ сырæзт. Йæ хъæбулыл хъуыдыгæнгæйæ, мад дыккаг хатт йæ амонд ссарыныл нал сразы...

Сентябры 1961 азы Дзаттион дæндаджы рыстимæ æрбаздæхт гастрольтæй, йæ уавæр фæуæззаудæр, æмæ мæйы фæстæ йæ цардæй ахицæн. Фæндаггон фыдбылызы фæмард йæ лæппу, курдиатджын дохтыр Алан дæр, йæ мадау ыл цыд æрмæст 37 азы... 2005 азы Ирыстонмæ Мæскуыйæ стахт Мстислав Ростропович, дидинджытимæ бацыд Цецилияйы уæлмæрдмæ, æрзоныгуыл кодта йæ ингæны раз æмæ загъта: «Фыццагдæр мыл уым чи сæмбæлдзæн, уый уыдзæн Уый». Дыууæ азы фæстæ йæ цардæй ахицæн...

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

Ногдзинад

# Не ‘фсæддонтæн æххуыс – телефонты фæрцы

**Адæмон фронт бакуыста æмæ сарæзта телефоны фæрцы æххуысы ног хуыз – «Все для Победы!» Ныхас цæуы мобилон бастдзинады лæггæдтæ æмæ сæрмагонд æфсæддонтæн операцийы архайджытæн иудадзыгон æххуыс кæныныл.**





Бæлвырддæр зæгъгæйæ, абоненттæ сæ телефонтæн æрвылмæй цы ‘хца фидынц, уымæн йæ хай æрвыст цæудзæн, раззагдæр хаххы знагимæ чи хæцы, уыцы ‘фсæддонтæн, уыцы ран сæ æнæмæнгæй чи хъæуы, ахæм дзаума сын æлхæнынæн. Ацы ног проект царды рауадзынæн оператортæ бацæттæ кодтой sim-картæтæ – авд минæй фылдæр. Ныридæгæн уал абоненттæ 400-йæ фылдæр сæ телефонты фæрцы сæхи баиу кодтой оператормæ «Все для Победы!»

Ахæм проект кусы нырма уал Уæрæсейы 30 регионы, фæлæ парахат кæны дарддæр дæр. Йæ нысан у, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн цы гуманитарон æххуыс цæуы, уымæн иудадзыгон бындур саразын, алы адæймагæн дæр уыцы æххуыс йæ царды хай куыд суа, афтæ. Уыцы хуызы мобилон оператор «Все для Победы!»-йы пайдагæнджытæ сæ бавæрæн хæссынц не ‘фсæддонтæн гуманитарон æххуыс кæныны хъуыддагмæ.

– Телефон ацы операторимæ баиу кæнæн ис Адæмон фронты регионалон хайады фæрцы. Sim-картæ та цæмæй скуса, уый тыххæй адæймагæн йæ бон у бацæуын портал «Госуслуги»-мæ, науæд та нæ организацийы кусджыты æххуысæй спайда кæнын, – зæгъы Адæмон фронты регионалон хайады разамонæг **Гæлиты Клим**.

Абоненттæн сæ бон у спайда кæнын тарифтæ «Народный» кæнæ «Народный+», фидын сын хъæуы мæймæ 300 сомы. Тарифты пъланмæ хаст цæуынц интернет-трафикы 1 ТБ, интернет лæвар байуарыны гæнæн, иннæ операторты номырмæ лæвар бадзурыны 1 000 минуты æмæ операторæн йæхи мидæг лæвар дзурыны бар. Ис ма, хи номыр бахъахъхъæнгæйæ, иннæ оператормæ рахизыны гæнæн дæр.

Афтæмæй, проекты фæрцы цы ‘хца æмбырд кæна, уымæй æфсæддонтæн æлхæд цæудзæн дзæбæхгæнæн хостæ æмæ медицинон æндæр фæрæзтæ, радиостанцæтæ, бронежилеттæ, генератортæ, æнæтæхæг аппараттæн хъæугæ ифтонггæрзтæ æмæ æндæр хъæугæ дзаума, æмæ сæ уардзысты æфсæддон хайттæн сæ домæнтæм гæсгæ. Абоненттæм та æрвыст цæудзæн дзуаппы хуызы хъусынгæнинаг, се ‘хцайæ æлхæд цы ‘рцыд хæстон лæппутæн, уый фæдыл.

Уæлдæр куыд загътам, афтæмæй оператор «Все для Победы!»-имæ баиу уæвæн ис Адæмон фронты регионалон хайады фæрцы, науæд та адæймагæн йæхи бон дæр у – уый тыххæй sim-картæйы къоппыл амынд QR-кодмæ хъуамæ бацæуа, равзара дзы фыст «Активировать sim-карту», бахæсса йæм йæ паспорты бæрæггæнæнтæ æмæ «Госуслуги»-йы фæрцы, картæ скусыныл разы кæй у, уый ноджыдæр ма иу хатт фæбæлвырд кæна. Уый фæстæ картæ сæвæрын хъæуы телефоны, стæй дзы сæвæрын æхца – фыццаг хатт дзы æвæргæ у 400 сомы, цы тариф равзæрста, уымæ нæ кæсгæйæ. Чи баззайа, уыцы ‘хца сæфгæ нæ кæны, базайы номырæн йæ хыгъды.

Оператор «Все для Победы!»-имæ баиу уæвын чидæртæ къордæй куы сфæнд кæной, уæд сæ хъæуы бацæуын Адæмон фронты регионалон хайадмæ баныхас кæнын бон, рæстæг æмæ бынатыл, стæй, операторимæ цал номыры иу кæнынц, ууыл. Уый фæстæ хъæуы регистраци ацæуын. Уый тыххæй адæймагæн йæ паспорт йемæ хъуамæ уа.

Хабæрттæ ноджы бæстондæрæй базонæн ис Адæмон фронты регионалон хайады.

**БЕРИТЫ Миланæ, «Адæмон фронт»-ы пресс-службæ**

Архайд

# Терроризмы ныхмæ ахуыртæ



**Цæгат Ирыстоны сæрмагонд дæлхайæдтæ бакуыстой терроризмы фыдракæндтæй бахизыны ног мадзæлттыл.**

Ахуырадон центр «Комгæрон»-ы бындурыл скодтой Росгвардийы территориалон управленийы сæрмагонд дæлхайæдты архайдæй терроризмы ныхмæ ахуыртæ. Росгвардионты террористон фыдракæндты фæзындты ныхмæ ахъаззаджы архайды программæмæ хаст æрцыдысты, службæйы мидæг æфсæддон хæстæ бæрзонд уавæрыл нымад кæм цæуынц, ахæм теоретикон цæттæдзинад æмæ практикон тренировкæ.

Профилактикон-агурæн мадзæлттæ аразыны рæстæг сæрмагонд нысаниуæджы спецназы æфсæддонтæ бакуыстой ног пъланыл, зæгъæм, бафиппайдтой террористты къорд. Фыдгæнджытæ бацархайдзысты сæ ныхмæ карзæй лæууын, стæй алидзын, фæлæ Росгвардийы æфсæддонты æххæст æмæ бæлвырд архайды фæрцы фыдгæнæг къорд дæрæнгонд æрцыд.

Тренировкæ кæронмæ фæцис, ОМОН-ы кинологтæ æмæ специалисттæ цы тæссаг рæмудзæн æрмæг бафиппайдтаиккой, уый æвæстиатæй фесæфтой практикон мадзалæй.

«Не ‘ппæт нысантæ дæр сæххæст кодтам. Ахæм тренировкæтæ нын ахъаз сты нæ профессион цæттæдзинад бæрзонддæр кæнынæн, дæлхайæдтæн сæ архайд уæлдæр æмвæзадмæ сисынæн æмæ бахъуаджы сахат терроризмы ныхмæ хъæддыхæй æмæ хæрздзæттæйæ фæлæууыны куыстæн», – загъта Росгвардийы территориалон управленийы хицау, пъæлицæйы булкъон **Дмитрий Подвысоцкий.**

**РЦИ-Аланийы Росгвардийы управленийы пресс-службæ**

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ


**Для повышения плодородия почвы продаем лучшее органическое удобрение – конский перегной в мешках. Доставка. Тел.: 8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83 (Руслан).**

**Металлоизделия: ворота, двери, навесы из лексана, металлоконструкции любой сложности. Тел.: 8-928-928-88-24.**





Номыры радхæссæг редактор — **Гугкаты Жаннæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Хъойбайты Галинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн – **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацийы комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацийы къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-93-68, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, “Рæстдзинад”-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ‘рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй “Рæстдзинад”-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад “Ирыстон-полиграфсервис”-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2530. Заказ № 1016. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**